**Ассаламу гӀалайкум!**

# ЦӀумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 21 апрель Рузман №17 (7779) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ (12 +)

ЦӀУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Баркиял**

## ХӀурматиял районцоял!

Гьале ахиралде щвана хирияб рамазан моцӀ, баркула нужеда тӀаде щвараб тӀолго бусурбабазул байрам-гӀидалъул къо. КӀалбиччаялъул гӀидалъул къо ккола гӀадамал цолъизарулеб, инсанасул рахӀму бугольи ва лъикӀлъи бихьизабулеб байрам.

Аллагьас кири цӀикӀкӀараб хьван батаги ккурал кӀалазухь, гьабураб гӀибадаталъухь, рарал таравихӀалъул каказухь, бахъараб закагӀат-сахӀалъухь. Бальгоял тӀабигӀиял балагьаздаса, рагькьалалдаса цӀунаги.

Биччанте байрамалъ нужер ракӀал цолъизе, цоцаздехун адаб-хӀурмат цӀикӀкӀине, гьудуллъи ва рокьи бижизе.

Гьарула киназего рухӀияб цебетӀей ва лъикӀлъиялъ гвангъизабураб талихӀаб гӀумру. Аллагьас гьаб хирияб моцӀалъул баракатги тӀаса унгеги нилъедаса.

**Шамил ГӀумаров,** районалъул бетӀер

## Хирияв диналъул вацал ва яцал!

РакӀ-ракӀалъ баркула нужеда тӀаде щвараб гӀидалъул къо-кӀалбиччаялъул байрам! Хирияб Рамазан моцӀ Аллагь разияб хӀалалда тӀобитӀизе нужеца жигар бахъиналда дир ракӀчӀола. Гьаб хирияб моцӀалъ нилъер районалда тӀоритӀана ифтарал, гьаруна садакьаби, рана таравихӀазул какал, игӀтикафалда тӀамуна сардал.

Рамазан моцӀ ккола Аллагьасе гӀоло цоцазда тӀасан лъугьиналъул ва махӀабат гьабиялъул заман. Цебехун нужер ракӀ хвезабурав, яги хӀакь кколев чиясдаса тӀаса лъугьиналъул кӀудияб даража буго Аллагьасда цебе. Нужецаги жигар бахъе, рекӀелъ бугеб жахӀда-хӀусуд нахъе рехун, Аллагьасе гӀоло берцинаб тӀабигӀаталда рукӀине.

Жакъа гьаб хирияб къоялъ дица нужее гьарула щулияб сахлъи, рекъел, талихӀаб гӀумру, сабру ва Аллагьасул разилъи.

Аллагьас къабул гьабеги нилъер гьабураб гӀибадатги, садакъаги, бахъараб закагӀат-сахӀги.

**Абубакар Абакаров,** районалъул имам

**ДандчӀвай**

## Чундул цӀунизе ккела

Талат къоялъ районалъул бетӀер Шамил ГӀумаров дандчӀвана районалъул жамгӀияв хӀаракатчи, биологиял гӀелмабазул доктор МухӀамад ГӀабдурахӀмановгун.



РакӀрагьараб гара-чӀвариялда МухӀамадица борхана ахираб заманалда Дагъистаналъул мугӀрузда тӀагӀунел гӀалхул цӀцӀаназул (безоаровый козел) суал. Гьелъие гӀиллалъун рикӀкӀунеб буго рохьал рухӀи, гьел къотӀи, тӀабигӀаталъул сверухъльи хьублъизаби ва браконьерлъи тӀибитӀи.

1984 соналдаса нахъе Россиялда мугӀрузул цӀцӀаназде чан гьабизе гьукъараб буго, амма гьезул къадар къойидаса- къойиде дагьлъун гурони, цӀикӀкӀунеб гьечӀо. ЛъикӀаблъун рикӀкӀана гьелда сверухъ халкъалда гьоркьоб бичӀчӀикьеялъулаб хӀалтӀи гьабизе. Гьединго кӀвар бугеб суаллъун рикӀкӀана «БагӀараб тӀохьоде» росарал гьел чундул цӀуни мурадалда районалда заповедникаб зона гӀуцӀи.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

**Лъайкьей**

## Учительница ракӀалде щвеялъе лъаялъул фестиваль

АнцӀила анлъабилеб апрелалда Агъвали гимназиялда тӀобитӀана районалъулункъабилел классазул цӀалдохъабазда гьоркьоб Россиялъул Федерациялъул мустахӀикъав учительница Салтанат Иманшапиева ракӀалде щвеялъе иргадулаб фестиваль.

Гьенир гӀахьаллъана Агъвали гимназиялъул, бакӀ щвана Инхокъвариса Самира Бадрудиновалъе, лъабабилеб бакӀалде ккана ТӀиндиса Багьжат ГӀабдусаламова.

Авар мацӀалъул къецалъуль, камилаб лъай бихьизабун, тӀоцебесеб бакӀ щвана Сасикьа Шагьрудин Нажмудиновасе, кӀиабилеб бакӀ Агъвалиса АхӀмад ГъазимухӀамадовасе, лъабабилеб




Хуштада, ТӀинди, КӀванада, Гьоркьгьаквари, Къеди, ТӀадгъаквари, Инхокъвари, Эчеда, Сасикь, Метрада, Гьигьалъ, ГьигьалъгӀурухъ,ТӀисси ва ТӀиссиахикь школазул цӀалдохъаби.

ГӀурус, авар, ингилис мацӀазул ва математикаялъул лъикӀал хӀасилал рихьизаруна Агъвали гимназиялъул ва Сасикь школалъул цӀалдохъабаз.

ГӀурус мацӀалъул олимпиадаялда тӀоцебесеб бакӀ щвана Агъвали гимназиялъул цӀалдохъан Жамилат ХӀажимурадовалъе, кӀиабилеб бакӀ Гьигьалъа Сафият НурасмухӀамадовалъе, лъабабилеб бакӀ ГьигьалъгӀурухъа Хадижат Бурзиевалъе

Ингилис мацӀалъул конкурсалда тӀоцебесеб бакӀалъе мустахӀикълъана Агъвали гимназиялъул цӀалдохъан МухӀамад Сажидов, кӀиабилеб бакӀ-Силдиса Хадижат АсхӀабовалъе.

Математикаялъул олимпиадаялда тӀоцебесеб бакӀ щвана Агъвалиса МухӀамад ГӀалиевасе, кӀиабилеб бакӀ-ТӀиндиса МухӀамадрасул Гъазиевасе, лъабабилеб бакӀ-Сасикьа АхӀмад ГӀумаровасе.

Бергьаразе ва призеразе къуна дипломал, учительзабазе грамотаби.

Гьединго Салтанатил лъималазул рахъалъан фестивалалда бергьаразегун призеразе ва гьезул мугӀалимзабазе къуна гӀарцулал сайгъаталги.

**Зульфия Сажидова**

## РакӀ-ракӀалъулаб баркала

Гьал къояз ракӀалдаго гьечӀого цӀа ккана КӀочӀали ахикь гӀумру гьабулел вацал МухӀамад ва Камил УзумхӀажиевазул минабазда. ЦӀа кканин ахӀи барабго, хехаб къагӀидаялда, гьенире щвана районалъул гӀадамал ва пожарникал. Минаби цоцада аскӀор рукӀиналъ кӀиявго вацасул гурелги цогидал минабаздеги цӀа рекӀиналда хӀинкъи букӀана. Киназулго жигаралдалъун бажарана, инсул минаялда рекӀизе биччачӀого, цӀа свинабизе.

Вацаз ва гьезул эбел-инсуца ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабулеб буго цӀа свинабизе кумек гьабуразе. Аллагьас кири кӀодо гьабеги, бальгоял балагьаздаса цӀунаги.

**Расул ХIамзатовас - 100 сон**



**... Дица гIадамазе гьарула**
**канлъи,**
**Дица гIадамазе гьарула**
**лъикIлъи,**
**Гьуинлъи гьарула, вацлъи**
**гьарула**
**Берцинлъи гьарула,**
**сахлъи гьарула.**

***Дир мурад***

## Эбелалде

Эбел, кIочонаро гьитIинаб мехалъ,
Дун къватIахъ кватIигун, кидаго дуца
ГортIа лъун толаан бакараб чирахъ
Ва къирун толаан къачIого каву.

Вачlунаан рокъов, кьижулаан дун,
Кьурулаан дуца гIодобе чирахъ.
Балагьулаан мун къан бугищ нуцIа,
Къулулаан тIаде сордо лъикI васин.

Сонал ана.. гортIа чирахъ кенчIана,
Дур васаз иргадал росу нахъ тана.
КвегIаб берзул магIу кваранаб квераль
КигIан гIемер бальго дуца бацIцIараб?!

МугIрузда сверана сурмиял накIкIал,
РакI бекун пирхана мех-мехалъ пири.
Цоял васал ана руссунарельуй,
Цогиял кватIана духье руссине.

Эбел, дир соназул гьал сверабазда
Дида росуцояз бицунеб буго:
Дуца рогьинегIан гIагараб гортIа
ГIодой къулуларин бакараб чирахъ;

Дуца гьанжельагIан кьирун тун ругин
КъачIого каваби васас рагьизе;
Мун балагьун йигин кватIарал лъимал
Кидадай руссина жидерго гъасде.

Дир хирияй эбел, ана дир ихал,
Нухаз, рахсаз гIадин, вухь-вухьана дун.
Ана гIолохъанлъи митингазда дир,
Хъуй-гьура гIемерал, пикраби дагьал.

Черхалдаса бетIер батIалъунищан,-
Гьебги квереца ккун ватула гьанже.
Дирго суратаде тIадеги къулун,
Кьойил тушман гIадин вагъула гьебгун.

Дица бальго, эбел, кваранаб квераль
КвегIаб берзул магIу бацIцIуна сардиль.
Дун вачIина духье, вачIина духье,
Чирахъ гIодой къурун, кьижа, дир мискин.

Щвела дун росулье, щвела рокъове,
Кьирун тараб каву кьай, дир хирияй;
Кида гьеб букIинеб?-кватIизе гьечIо,
Каранда ракI лъурай, сордо лъикI, эбел.

## Дагъистан

ВатIаналъул гьотIол гьитIинаб гIаркьел,
ГIаммаб хъизамалъул мустахIикъав вас,
Дур михъал кьурарав кьалул бахIарав,
Кьибилго урхъарав чодул рекIарав.

РакI лъикIав кочIохъан, кепав зурмихъан,
Ракьда хIетI хъваларев лъикIав кьурдухъан,
Мун дир чорхол рухIел, каранзул бухIи,
Дир угьулеб хIухьел, дир рекIел чIухIи.

ТIанчIазе бокьула жидерго бусен,
Бартуе бокьула жиндирго руссен;
Амма дир бокьулеб бакI, гьикъун хадуб,
Дир ракIалъ ахIула дур цIар, Дагъистан.

Жегиги щобазде бакъ щвелалдего,
Бакъан букIуна дур ясазул ахикь.
Бакъ мугIрулги рахун нахъе аниги,
Нахъе рачIунаро магъилъа васал.

Махх букъулеб барти, къвекIчармил хвалчен,
ЧIегIераб буртина, багIараб пашлихъ,
ТIеренаб гьинкатан, меседил курхьен,
АнцIила анкьида кьурарал гъалал.

Зодихъ берцинаб жо - гIолохъанаб моцI,
ГIодоб берцинаб жо - махI гьунаб тIегь;
Амма дир берцинаб бакI, гьикъун хадуб,-
Дир ракIалъ ахIула дур цIар, Дагъистан.

Дудаса рикIкIада рукIкIарал къояз,
Дир рекIелъ гвангъула дур багIараб бакъ.
МугIрул тун къватIиве киве кканиги,
Керен гьогьомула дур гьороца дир.

Мун дир гIумруялъул нухлул ахалъи,
Мун дир гIумруялъул нухлул тIаралъи;
Мун гьечIони, дие кIваричIо бакъ-моцI,
Мун гьечIони, дие кIваричIо гIумру.

Лъимер инагьдула эбелалъухье,
ГIолилав угьдула абуралъухье;
Амма дун угьдулеб бакI гьикъун хадуб,
Дир ракIалъ ахIула дур цIар, Дагъистан.

## Гъудулзаби цIуне!

КIудияб хазина буго гьудуллъи,
Гьелде квер хьвагIизе гIедегIуге, вац.
Гьудуласда дагъаб дур бахъараб щин
Цодагьаб кьинабе, кьватIиб гьурщуге.

Гьеб мун рекъечIеб иш дур рекIеласул
РакIалда гьечIого ккараб батила,
Гьесул дагъаб гIайиб, гIемер бадиб чIван,
ЧIегIераль релъунге киналго ихал.

Мехал сверанагIан, сонал анагIан,
Саву гIемер ккола гьаб гIумруялда.
Бигьаго щварал куц гьал гьудулзаби,
Гьел ратизе, унго, бугеб куц захIмат.

Дир гьудул, ругьунаб чоца рехани,
Чодул мугъ бухуге, нухлул хал гьабе.
Гьеб гьетIараб букIин чол гIайиб гуро,
ГIедегIуге, гьудул, чу хисизе мун.

ГIадамал, нужеде гьари буго дир:
Панаяб рекIел цIа цIорозе тоге;
ЦIуне гьудулзаби-гьел гIемер гьечIо,
ГIайиб камурав чи кивго вижичIо.

Дун хьвадана, цеве валагьичIого,
Цо гьалатI бихьани, щин гьугьазе тун;
Таравщинав дица божарав гьудул,
Дунги таравщинав гьудулзабаца.

Цинги гьетI-гьетIарал гьал дир нухазда
ГьечIого гIоларел дир гьудулзаби,
Лъукъун инагьдулеб чаница гIадин,
Дица, ракIги бухIун, ахIаралщинал.

АхIулел руго нуж, рачIа киналго,
Каранда дандкьазе къачIан чIун вуго.
Цо нухалъ дун тIаса лъугьинчIел чагIи,
Цинги дида тIаса лъугьинчIел чагIи.

## МугIрул тун авлахъазде

МугIрул тун авлахъазде
Рахъунел магIарулал.
МагIарул яхIги махIги
Гьарула, цадахъ босе.

МагIарул тIамур, тIагъур,
Гьарула, цадахъ босе,
МагIарул ханжар-рачел
Борчараб цадахъ босе.

Цадахъ босе кIочонге
МагIарул мацIги цIарги.
Цадахъ босе, кIочонге
МагIарул гIадат, гIамал.

Цадахъ босе, кIочонге
КIикIараб кини, гьулак.
Цадахъ баче, кIочонге
Чода тIад кьили лъезе.

МугIрул тун авлахъазде
Рахъунел магIарулал,
МегIер кванараб гIиял
Хасаб тIагIам букIуна.

МагIарухъ инсул гъасда
Хасаб хинлъи букIуна.
МагIарул гъасда кочIол
БатIияб кеп букIуна

Кинабго цадахъ босе,
МагIаруллъи кIочонге,
МагIарухъа араб лъар
Ральдалъ гIадин тIагIунге.

Нужго тIаде къулараб
ТIокIкIараб ищц кIочонге,
Умумузул хабазда
Хурдузул сас кIочонге.

МугIрул тун авлахъазде
Рахъунел магIарулал,
Мискинлъи квер босун те,
Кидаго кIочон тоге.

КIочон тани ракьалда
Дур букIараб мискинлъи,-
Бесдаллъизе вуго мун,
КигIан рес букIаниги.

Цадахъ росе магIарухъ
Магьал раччарал гIарщал,
ГIамал кIодолъаразда
КIичI-кIичIун рехе цере…

Гьарула цадахъ босе,
Гьарула кIочон тоге
КIудияб бахIарчилъи
ГьитIинаб дур халкъалъул!

**Булбулалъ ахIула**
**даим цого кечI,-**
**Гьеб гьелъул мацIалда**
**ВатIан батила.**
**БатIияб магIнадул**
**сарин гьебани,**
**Гьелъ гьедигIан гIемер**
**ахIиларoан.**

***Булбулалъул кечI***

**РакIалдещвей**

# ЦIумадагIурухъа Пахрудин

Дие гьаниб бицен гьабизе бокьун буго ЦIумада-гIурухъа Пахрудин Къадировасул хIакъалъуль. Живго Пахрудиница бицухъе, гьев ун вукIун вуго мухьдахъ хIалтIизе росу тун къватIиве. Чачаналде, Темирхан-Шураве, киве щваниги, хIалтIиги щвечIого тIадвуссунев гьев Унсоколо росулъе щведал Хунзахъа Хъайтмазил гьачагъаз ккун вуго. Жанивги тIамун гьесдаса щибаб къоялъ сурав (допрос) босулеб букIун буго жинда тIад ругел чакмаби командирасул ругин, жив большевик вугинги абун. Гьел чакмабиги рукIун руго гьасул чачаналъ хIалтIулаго мухьдахъ чачанас къурал. Сордо-къоялда жаниб гьесие къолеб букIун буго лъабго цIоросоролъалъул хинкI. Гьедин анцIила щуго къоги туснахъалъуб бахьун, хIатIида гIицIго рокъове щванилан бицана Пахрудиница.

Гьеб нухда жинда бихьараб мискинал чагIазул язихълъиялъулги, бечедазул гIумру-яшавалъулги бицана гьес.

1920 соналъ ЦIумада-гIурухъе бачIун буго Муслим Атаевасул бетIерлъиялда гьоркь партизаназул отряд, Пахрудинги лъугьун вуго гьеб отрядалда гьоркьове гьачагъазда данде вагъизе.

КватIичIого Атаевас гьев тун вуго разведчиклъун ва гьес киналго тIадкъаялги тIуразарулел рукIун руго. Росабалъеги ун, гьес х1ажатал баянал ракIарулел рукIун руго. Цо сордоялъ, хIамузда тIад ункъо ящик патроназулги лъун, Атаевас гьев витIун вуго Эчеда росулъ гьачагъаз сверун ккун ругел нилъер партизаназе патронал щвезаризе ва гьениб бугеб ахIвал-хIал лъазабизе. Щиб кканиги, патронал гьачагъазухъе кодоре щвезе тогеян лъазабун буго гьесда. КIиго хIамида тIад патроналги лъун, къаси бецIаб сардиль, квешал нухаздаса ине кколев вукIун вуго гьев Эчеда.

Гьаригьун, гIенеккарабго гIингун унев вукIун вуго гьев, ЗакIикье щвезе манзилго букIун, рагIун буго гьесда гьачагъазул кIалъай.

Гьеб мехалъ гьес, хехлъи гьабун, хIамуздасаги рахьун патроназул ящикал гIурул рагIалда хьархьиль рахчун руго, тIадехун хIамулги къотIун, живги цо ганчIида нахъа вахчун вуго. Гьезда бецIлъуда гьевги вихьун гьечIо, харбидаго рукIун гьелги рехехун ун руго, хIамузда тIад ящикалги лъун Пахрудинги ун вуго эхеде.ТалихIаль, партизаназул постальде тIаде ккун вуго гьев, гьенир хIамузда ящикали рахьун штабалде вачун вуго. Жив лъица витIаравльи лъайдал партизаназ гьев нахъе витIун вуго Атаевасе кваригIараб баянги кьун.

Гьеб тIадкъайги тIубан живги тIад вуссанилан бицана диргун букIараб гара-чIвариялда Пахрудиница..

Гьелдаса хадув Атаевас гьев тIамун вуго бальгоял кагътальги росун Буйнакскиялдаса ярагь босизе божарав чиль. Советияб власть бергьун хадуб, гьев хIалтIун вуго хIукуматальул батIи-батIиял хьулухъазда. Хьулухъазде тIамизе цевеккун анльго моцIаль цIализе витIун вуго Буйнакскиялде партиялъулгун советиял хIалтIухъабазул курсазде. Пенсиялде ун хадувги Пахрудин дида ватулаан ЦIумада-гIурухъ.

Гьеб букIана 1969 сон, партиялъул райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун Бексултанов Зикрула хIалтIулеб заман. Пахрудин вукIана Зикрулагьил вакьад, дун гьеб мехалъ хIалтIулев вукIана партиялъул райкомалда пропагандаялъулгун агитациялъул отделалъул инструкторлъун.

Цо къоялъ къалъудаса нахъе Зикрулаца дун жиндихъего ахIана ва живгун цадахъ ЦIумадагIурухъе Пахрудинихъе ине ругин абуна. Гьесухъе щвеч1ого саламатаб мехги бугин ва хIалтIул гIадлу-низамалъулги хал гьабилин абуна дида Зикрулаца. Гьеб сордо нижеца Пахрудинихъ бахъана. Дида ракIалде ккун букIана гьениб бугеб ахIвал-хIалалъухъ балагьун, хIалтIул хал гьабуниги, гьабичIониги, дие кваригIараб хIасил щвезе гьечIин. Гьелъ дицаги тIаса-масаго хал гьабун тун букIана ЦIумада росдал Советалдехун гIарз гьечIебльиги лъан.

Дир гIемерисеб заман ана Пахрудинил гIумруялда ккарал, Совет хIукумат бахъулаго ва бахъун хадуб ккарал лъугьа-бахъиназухъ гIенеккун. Дица тамашальи гьабуна Пахрудинил столалда тIад бугеб доб заманаялъул календарь бихьидал. Гьеб букIана столалда лъолеб кIудияб тIехь гIадинаб календарь. Гьелда тIад хьван букIана щибаб къоялъ ЦIумада, ЦIумада-гIурухъ, РичIагьанихъ ва районалъул цогидалги росабалъ ккарал лъугьа-бахъиназул жинда лъалел хIужжаби: щиб къоялъ кинаб хиса-баси гьава-бакъалъул ккараб, лъие вас, яс гьарурал, кида-щив хварав, киве-щив хIалтIуда тIамураб, щиб хIалтIи жинца росулъ гьабураб, щив жиндихье гьоболлъухъ вачIарав, кинаб ва щиб къоялъ районалда батIи-батIиял данделъабазда жив гIахьаллъарав, гьениб бицараб лъикIаб, квешаб хабар ва цогидабги. Пахрудиница лъикIаб гьоболлъиги гьабун, ниж нахъияб къоялъ къалъудаса нахъе рокъоре регIана. Гьеб букIана шамат къо, нижги Агьвали тIад руссана.

Агъвали рачIунаго Зикрулагьица дида гьикъана Пахрудиница росдал Советалъул хIалтIи кин гIуцIун бугебали балагьаницан.

Дица гьесул суалалъе жаваб гьабуна гьадинаб: -ТIокIаб жоялъул бицинчIониги, дун тамашалъизавуна Пахрудиница жиндирго гIумруялда жаниб ккараб лъикIабги, квешабги бициндал, дица балагьана кида, щиб гьабурабали хьвараб гьесул хIалтIул рахьалъан хIисабкьейги. Дица гьелда гIейги гьабуна ва гьединаб къагIидаялъулаб хIалтIи цогидалги росабалъ ругел бегавулзабазул батани, нилъер районалъул хIалтIи цересел районазул кьеразуль букIиниланги ккана, -ян. Зикрулаца вельэизеги вельун абуна жинда гьесул хIалтIул хIал лъалин гьесул дневниказдасан жив районалъул судьялъун хIалтIулев вукIаралдаса нахъеян, гьединго ЦIумадаса ва РичIагьанихъан рачIарал гIадамаз бицунгиян. Гьелда тIадеги Зикрулаца абуна жинца дун райкомалъул цIияв хIалтIухъан хIисабалда вачун вукIанин партизанасул хIалтIул гIуцIи кинаб бугебали бихьизе.

Гьелдаса нахъе Пахрудинил хIалбихьи бокьун, бальго гIадамасде лъазе биччачIого дицаги гьабун букIана гьединабго дневник, амма дида гьеб рагIалде букIана батIи-батIиял гIиллаби.

Гьеле гьединав чи вукIана Пахрудин. Гьесул рукIана партиялъулгун советиял органазда гьабураб жигараб хIалтIухъ щварал шапакъаталги.

**МухIамад Шамсудинов,** районалъул рагъул ва захIматалъул ветераназул Советалъул председатель

# ЧIунтун араб росу ракIалде щола

ЦIерала Гъуникьи гъункун букIараб,
Хуштадерил росу бикь-бикьун ана.
Щайдай гьеб бикьараб хIисаб гьабидал,
РакI унтун, бер гIодун магIу чвахула.

Ле, нуж хуштадерил хирияб агьлу,
Хал гьабун балагье нахъе росулъе.
БукIараб хIеренаб лъикIаб жамагIат,
Гьеб букIараб заман щола ракIалде...

Какде рахьун чIедал диналъул вацал,
Данде кьан рукIуна ракIал цолъиялъ.
Азкарал, тасбихIал лъугьун гурого,
Кидаго рахьичIо кьердаса нахъе.

Дир букIараб рокьи жамагIаталъухъ,
Хасалил хириял, халатал моцIал,
Зикру-тасбихIаца гвангъун букIараб,
БачIуна ракIалде хирияб мажгит.

Ахир заманалъул гIаламатаца,
Телефонал рачIун хисана чIумал...
Компьютер бачIана Къуръан хисизе,
Интернет бачIана дин пасалъизе.

Рахьа нуж, умумул, хабалъа къватIир,
Гьанже заманалъул ахIвал-хIал лъазе.
Нужеца ран тарал минабазухъе,
Хал гьабун балагье гьанже заманалъ.

МагIил цIун гIодила, ракI пашманлъила,
БукIараб берцинаб Хуштада росу.
ГIаданлъи яхI-намус цIунун букIараб,
КIудияв чиясул адаб цIунараб...

Дие хIажат гьечIо гьанже гьаб гIумру,
Эбел-инсухъ урхьун ракI тIамулареб,
КIодо эбелалъухъ сордо балареб
Яц-вацазда ракI щун щвезе унареб.

ГIарац меседалъул хIалго гIолареб,
ГIадан хьантIиялъул гIорхьиго гьечIеб,
Дие бокьун гьечIо гьанже замана,
ГIарац цIикIкIанагIан намус билулеб...

**Хуштадаса ХIажияв**

# Чебышевасул олимпиадаялда лъикIал хIасилал

Гьал къояз МахIачхъалаялда Чебышевасул цIаралда тIобитIана математикаялъул республикаялъулаб олимпиада.




Гьенир гIахьаллъарал нилъер районалъул щуабилеб классалъул цIалдохъабаз рихьизаруна лъикIал хIасилал.

Агъвали гимназиялъул цIалдохъан АхIмад ГьазимухIамадов мустахIикълъана тIоцебесеб бакIалъе. ТIадгьаквариса ИзрагIилов МухIамад ва ГIусманов МухIамад рахьана призералльун.

Бергьаразе ва призеразе кьуна дипломал ва гIарцулал сайгъатал.

Баркула цIалдохъабазда ва гьезул мугIалимзабазда лъикIал хIасилал.

**Мадина МухIамадова**

**ГIадамал, нухал, транспорт**

# Къедисезул мурад тIубана

МагIарул росабалъ гIемераб гIазу, цIад, горо-цIер бан хехго холаан нухал.



Гьединабго ахIвал-хIал букIуна Сасикь-Къеди унел нухаздаги. Риидал чвахунцIадаз чурун, гамачI-гьегъ баккизабун, гIадамазе хIинкъи бугеб хIалалда букIана ахираб заманалда Къеди унеб шагьранухги. Гьелъул бицун гIемерав хасало гIазу бан, цIер чIван, гвендал рахьун, бакI-бакIаздаса ччукIун транспорталъе ва щвана районалъул нухазул участкаялде росдал администрациялъул бетIер ИсмагIил ГIащикъов, ва ахир-къадги гьесул мурад тIубана.

Дагъаб цебе нухазул участкаялъул кIиго единица техникаялъулги хIалтIухъабиги рачIун, кIиго къоялъ тIадчIун къачIана нухал. Гьезие кумекалъе газабелгун киридахъ хIалтIизе рахьана росдал цо-цо гIадамалги.

Къеди росдал жамагIаталъ баркала загьир гьабулеб буго шагьранух къачIазе жигар бахъарал нухазул участкаялъул нухмалъулесул заместитель Шамил ГIумаровасе ва хIалтIухъабазе.

Аллагьас гьаб хирияб рамазан моцIалъ халкъалъе гIоло гьабураб пайдаяб хIалтIухъ, аза-азариде бахинабун, кири цIикIкIинабеги гьезие.

**Зульфия Сажидова**

# Архивалдаса

-1963 соналъ байбихьана ЦIумада-гIурухъан Сасикь-Къеди мухъалдехун шагьранух бахьизе.

-1949 соналъул 5 апрелалда байбихьана Гьигьалъ-гIурухъ колхозазда гьоркьосеб ГЭС базе.

-1955 соналъул 18 апрелалда хIукму гьабуна Хушет росулъ рагьизе анкьго сонил школа.

Врач разъясняет

# Корь - это тяжелая инфекция

**С начала года по всей стране стали фиксировать случаи заражения корью среди детей и взрослых. О том, возможна ли новая эпидемия кори, чем опасная коревая инфекция, каковы причины ее возникновения и последствия болезни, рассказывает врач-инфекционист райбольницы Магомедкеримов М. Х .**

Вспышка кори в 2023 году связана во многом с тем, что у населения есть достаточно большая неиммунная прослойка людей. А так как корь отличается крайне высокой степенью заразности , из десяти человек, у которых нет иммунитета, при контакте с заболевшим заразятся все десять. Также важен тот факт, что сейчас достаточно высок процент противников вакцинации. Это движение населения, которое набирает обороты из года в год, из-за чего число незащищенных от инфекции людей увеличивается.

Корь - острое вирусное заболевание, к которому восприимчивы люди любого возраста, но все-таки чаще ею болеют дети от года до пяти лет. У ребенка до трех месяцев корь встречается крайне редко, так как дети этого возраста получают иммунитет от матери, если она была привита против кори двукратной вакциной или перенесла заболевание ранее. Но малыш может заболеть корью, если у мамы иммунитета нет и она не смогла его передать своему ребенку.

После десяти месяцев пассивный иммунитет в виде иммуноглобулинов, полученных от матери, уже не определяется, и ребенок становится восприимчив кори.

Мы не знаем заранее, как у ребенка будет протекать заболевание корью. Кто-то, возможно, его вообще не заметит или не отличит от другой вирусной инфекции, так как возможна корь без температуры. В некоторых же случаях корь у детей может вызывать серьезные осложнения. Она передается воздушно-капельным путем. То есть при разговоре с заболевшим даже от одного чиха, не имея иммунитета, человек заразится. В день заражения инфекцией начинается инкубационный период. Длится он в среднем от 7 до 17 дней. Но бывают исключения, когда продолжительность периода увеличивается до 21 дня.

Специфического лекарства от кори нет. Сейчас мы можем помочь ребенку только снять симптомы.

Единственным эффективным методом защиты на сегодняшний день является вакцинация. Поэтому педиатры рекомендуют привиться сейчас, чтобы обезопасить ребенка от тяжелого течения болезни. Лучшей профилактикой от кори будет вакцинация в 12 месяцев и ревакцинация в 6 лет.

Двухэтапная вакцина от кори обеспечивает пожизненный иммунитет от инфекции.

Прививка от кори также может быть поставлена экстренно, если есть факт контакта с больным корью не позже чем в течение 72 часов.

Наиболее заразен заболевший корью в последние дни инкубационного периода (обычно два дня) и до четвертого дня от начала высыпания. В среднем заразиться от уже инфицированного можно в течение 1–1,5 недели. В этот период человек выделяет вирус при кашле, чихании, разговоре.Заразность кори очень высока и срабатывает практически в 100 случаях из 100. То есть все 100 % людей, которые не имеют иммунитета, при контакте с инфекцией заболеют в 100 % случаев.

Многие спрашивают, можно ли заболеть корью во второй раз. Обычно пожизненный иммунитет формируется после перенесения кори или после двукратного введения живой коревой вакцины.

Так как вакцина от кори живая, она имитирует легкую форму заболевания, запускает иммунологические процессы, такие же, как и при инфекционном процессе. Так тот, у кого сформировался иммунитет, будет защищен от вируса на протяжении всей жизни.

Но есть люди, у которых не формируется устойчивость к вирусу даже после проведения вакцинации. Такие случаи фиксируются очень редко. Как правило, человек болеет за всю жизнь, если болеет вообще, один раз.

В случае повторного инфицирования симптомы кори у привитых детей будут менее выраженными. Заболевание будет протекать в более легкой форме без тяжелых осложнений.

Если после контакта с больным корью у вас нет данных о вакцинации, можно в течение 72 часов ввести вакцину. Иммунитет, который сформируется после введения вакцины, успеет защитить вас именно потому, что инкубационный период кори достаточно длинный. То есть иммунная система успеет отреагировать и заболевания не возникнет. Но это правило действует только в ограниченный промежуток времени в 72 часа.

Прививку от кори ребенку делают в год, ревакцинацию — в шесть лет. Если у ребенка сформировался иммунитет после вакцинации, он будет пожизненным, больше ревакцинация не потребуется. При двукратном введении коревой вакцины или в случае перенесенной инфекции формируется пожизненный иммунитет. Однократного введения будет недостаточно для формирования иммунитета.

Вакцинация не защищает нас в принципе от заболеваний, а минимизирует риск тяжелого течения заболевания. Поэтому вакцинированный в детстве человек может заболеть корью в уже взрослом возрасте. Но в этом случае проявится корь в легкой форме, не будет серьезных осложнений.

Прививка от кори живая, поэтому желательно делать ее ребенку в здоровом состоянии. При этом должны отсутствовать признаки острого заболевания.

Первыми появляются элементы на лице, на спинке носа и за ушами. В течение первых суток высыпания распространяются дальше на шею, верхнюю часть груди и плечи. На второй день сыпь целиком покрывает туловище, распространяется на руки, и на остальные части тела.

В среднем длительность заболевания длится от 9 до 11 дней. Инкубационный период, как мы говорили выше, длится 21 день.

Высокая температура при кори - один из самых первых и постоянных симптомов.

В среднем повышение температуры отмечается на 10–12 день с момента заражения и может держаться от четырех дней до недели.

Эркенаб гугари

# Россиялъул первенствоялда цIумадисезул иргадулал бергьенлъаби

Дагьаб цебе нилъ рохизарун рукIана Наро-Фоминскалда 18 сонил гIумруялде рахинчIел гIолилазда гьоркьоб тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ го къоялъ рукIарал боркьарал къеркьеязулъ гIахьаллъана Россиялъул 43 регионалдаса 299 гугарухъана.



Гьенир цере рахъарал нилъер районалъул гугарухъабазе щвана лъабго меседил ва кIиго гIарцул медалал.



Россиялъул первенствоялда тIоцебесеб бакI ккурав МухIамад ГIалибахIарчиевас ва лъабабилеб бакI ккуна МухIамад ГIабдулхIакъовас.

Гьале гьал къоязги нилъ



рохизаруна Якутск шагьаралда 21 сонил гIумруялде рахинчIел гIолилазда гьоркьоб тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул первенствоялда нилъер гIолохъабазул хIасилаз.

Якутиялъул «Триумф» спортивияб комплексалда лъабго къоялъ рукIарал боркьарал къеркьеязулъ гIахьаллъана Россиялъул 43 регионалдаса 299 гугарухъана.

ТIоцебесеб бакI ккуна Кванхиса Эльдар АхIмадудиновас (61кг.), Хъварщиса ТIалхIат ГIабдулкъадировас (65 кг.) ва Гьигьалъа МустафахIажи Малачдибировас (92кг.).

Араб соналъ Каспийскиялда тIобитIараб Россиялъул первенствоялдаги МустафахIажица 86 кг. цIайиялдаги ккуна тIоцебесеб бакI. Якутиялда гьабураб щуябго гугари гьес лъугIизабуна 45:3 хIисабгун.

Гьединго щуябго цевехъин 49:I хIисабгун лъугIизабуна Эльдар АхIмадудиновасги.

Меседил медалазде гIагарго рукIана первенствоялъул кIиабилел призераллъун рахъарал Эчедиса Халид МухIамадов (57кг.) ва Гьигьалъа Шамил Къадилов (79 кг.).

Баркула гIолохъабазда щварал бергьенлъаби, гьарула хадубккунги икъбал.

**Шамил Бадрудинов.**

Армия зовет

# Военная служба по контракту - твой выбор

Вооруженные Силы Российской Федерации проводят отбор граждан из запаса, для прохождения военной службы по контракту. К кандидатампредъявляются требования:

возраст от 19 до 60 лет, а также граждане, ранее проходившие службу по контракту, годные к военной службе и физически развитые, не судимые. Рассмотрим граждан, ранее уволенных по несоблюдению условий контракта. Денежное довольствие повышенное.

Можно заключить краткосрочный контракт на 6 или 12 месяцев на выбор гражданина. Полный медико-социальный пакет.

В данный момент осуществляются отбор навоенную службу по контракту в приоритетные воинские части Южного военного округа.

По всем вопросам обращаться в военный комиссариат Цумадинского муниципального района.Телефон для справок **2-52-84, 2-52-00.**

Ежедневно с 9 утра осуществляем прием граждан для кратчайшего оформления на военную службу по контракту. При себе иметь следующие документы:

Фотографии 9х12-1шт., 3х4-4шт. (черно-белые на матовой бумаге);

Характеристика;

Трудовая книжка (при наличии);

Копия свидетельства о рождении (при наличии);

Копия свидетельства о браке, рождении детей (при наличии);

Копии документов об образовании;

Копия паспорта.

Копия военного билета;

Копия ИНН, СНИЛС;

Банковские реквизиты ( карта «МИР»).

**Военный комиссариат района**

## Пайдаял малъа-хъваял

Духовкаялъуса торт нахъе бахъарабго, гьеб халипагун цадахъ цIорораб лъеца биччизабураб чIартида тIад лъезе лъикIаб буго. Гьедин гьабуни, торт бигьаго нахъе босизе кIола.

* * *

Хъухъанчадазе беччизе лъураб жо беччун тIаде бачIун бугони, кинго бегьуларо гьеб багъаризе. Багъарани, чадал лъикIал лъугьунаро.

* * *

Буцулеб ролъгун кишмиш жубазабулеб бугони, цин цебе кишмиш чуризе ва бацIцIадаб салфеткаялъ бакъвазабизе ккола.

* * *

РетIел букъулеб машинаялъ эластик, капрон гIадал ххамал росулел гьечIони, рукъи бачунеб бакIалда хIедучирахъ лъульани, кваликвал лъугIула.

## ХIавагIеч-даруяб пихъ

ХIавагIеч ккола даруяб пихъ. Гьелда гьорлъ гьечIо холестерин, беэнлъаби ва натрий. Гьелъ квербакъи гьабула мегIерччиналдаса ва грип-палдаса цIуниялъе. Япониязул гIалимзабаз чIезабун буго хIавагIечуца кванирукъалъул ругьун сахлъизабулилан. ХIавагIеч щибаб къоялъ гIадин кванани, гьелъ бидулъ холестерин дагьлъизабула. Гьелда гьорлъ буго бидул тIадецуй цIикIкIунезе гIемерго пайдаяб калий ва рекIел унти гьукъиялъе квербакъулеб витамин С.

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44

Жавабияй секретарь Сажидова Зульфия АхIмадовна 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цумада район, Кьенгьара росу Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: «Цумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1486 Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгольи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@mail.ru